Ассаламу гӀалайкум!

# АХИХЪАН

№ 46 (7597)
19 октябрь
Хамиз
2023 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Апппараталъул данделъи

I7 октябралда ГI. НурмухIамадовас гьабуна иргадулаб аппараталъулаб данделъи. Гьениб аслияб кIвар буссинабун букIана лъай кьеялъул суалазде. Гьединго данделъиялда кIвар буссинабула лъай кьеялъул бакIазда ремонт гьабиялде муниципалитеталда ругел I3 ясли-ахалъул минаби республикаялъул программаялда гьоркьоре росизарун руго. Гьедин ремонтал унел руго ГIашилтIа, ХъахIабросо, Заманаялъул поселокалда ругел ясли-ахазда.

Гьеб ва саназде рахинчIел лъималазул хIалтIи жиндирго хъаравуллъиялда гъоркье росун буго бетIерас.

ГьабсагIаталда лъай кьеялъул бакIазда унел хIалтIабазда хурхун данделъиялда иш т1аде кколезе кьуна тIадкъаял.

## Район цебетIеялъул ишазе гIоло



**Гьал къоязда ДГПУялъ рагьун 80 сон тIубай кIодо гьабуна республикаялда. Цойги кIудияб лъугьа бахьин ккана араб анкьалда. Дагъистаналда унеб букIана «Рагьараб Дагъистан»,- абураб туризмалъул форум. Гьениб гIахьаллъи гьабулеб буго нилъер районалъги.**

«Рагьараб Дагъистан» форумалда гьорлъ гIахьаллъиялъе ва туризм цебетIезабиялъулъ лъолеб бутIаялъе гIоло нилъер муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовасе кьуна туризмалъул Министр Э. Мердаковалъул ва ДГПУялъул ректор Н. Асваровасул рахъалдасан Баркалаялъул кагътал.

Гьелъ бицуна муницталитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовас район цебетIеялъул ишазде хасаб кIвар кьолеб букIинаялъул.

Унсоколо – цIияб ясли-ах

## ХIалтIи рагIалде бахъунеб руго



Гьал къоязда гьарулел хIалтIабазда хадуб хал кколеб ХЪ. ГIабдухаликъовас нухмалъи гьабулеб комиссиялъ, цадахъ ЖККХялъул ва бакIал раялъул отделалъул нач. ХI-М. ГIабдурахIмановгун Унсоколо росулъ бараб цIияб школазда цебесеб учреждениялъул хIалтIаби рагIалде рахъиналъул бугеб х1алалъул хал гьабуна.

Гьенирго рихьизаруна рагIалде щвечIел бакIал, гьел тIагIинариялъе кьуна тIадкъаял. ТIадчIей гьабуна беседкабазда ва сверухъ гIодоб бакIалда резиналъул покритиял гьариялде. Гьел хIалтIаби лъугIизариялъул ишалъе жавабияллъун ккола бараб бакIалъул субподрячник «Родник». Жеги гIиси-бикъинал хIалтIаби руго гьенир гьаризе. ХутIарал хIалтIаби гьаризе руго генподрядчик ГВСУ №4 ялъ. Гьеб ккола цокольнияб этажалда облицовка гьаби, гIисинал архитектураялъулал берцинлъаби гьариги.

ХIалтIи тIаде босараз рагIи кьуна хутIарал х1алт1аби жиндир заманалда рагIалде рахъинаризе ругин.

Нухмалъи-жамагIат

## Вакилзабигун дандчIвана



11 октябралда Унсоколо районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов дандчIвана районалъул жамагIаталъул вакилзабигун ва автозаправкабазул бетIергьабигун. Гьезул аслияб мурад букIана киса-кирего къан ругелщинал автозаправочниял станциял рагьиялъе квербакъи щвей, ай хасалихъе ах-хур бак1арулеб гIужалда газбензин щолеб гьеч1олъиялъ ругел захIмалъаби лъугIизариялъе кумек гьаби.

ДандчIвазе рачIараз ццин бахъун хит1аб гьабулеб букIана хасалихълъиялъул заманаялъ ах-хуралъул хIалтIабазе кколеб бугеб захIмалъиялда тIадчIейги гьабулаго. Мадугьалихъ ругел гьадиналго районазда цониги заправка къан гьечIо,-ян разилъи гьечIолъи загьир гьабулеб букIана гьез.

Гьединаб ахIвал-хIалалъ гIицIго цохIо предпринимателал гуро захIмалъиялде ккезарулел, кире инел гIадамал бензин-газ тIезе ах-хур рокъобе босиялъе, боцIи бачине иналъе ва цIул-цIа хIадуриялъе. Район тун къватIирехун ани, нахъа тезе ккола 40-45 км. нух, ине ккола Буйнакскалде бензин тIезе.

Рокъоб цIикIкIараб къадар гIадамаз газ хIалтIизабула кваниегун къвариг1аралъе. Нилъеда лъала хасалоэлектроэнергиялъул къуват гIодобе кколеблъи, баллонал цIезе газ щолеб гьечIони, сунца хасало рукъзал хинлъизарилел? ЖамагIаталъул вакилзабаз лъазабуна ахир-къадги жидер I50 гIан чи къватIире рахъине ругин районалъул аслияб нухги къан,-абун.



**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 46 (7597)
19 октябрь Хамиз
2023 сон



Гьал къоязда Бакуялда кIодо гьабуна Дагъистаналъул поэт Р. ХIамзатовасул юбилей. Гьениб РДялъул Правительствалъул председателасул зам М. Теляковасул нухмалъиялда гьоркь гIахьаллъана Дагъистаналъул вакилзабиги.

Живго Р. ХIамзатовас хъвана «Киналго нилъ цо кьибилалъул хер ккола»-ян. Гьений кIалъарай СалихIат ХIамзатовалъ бихьизабуна инсуца гIемер хъванин Азербайжаналъул хIакъалъулъ,-ян.



Украина: СВО

# Инсул малъиги ВатIаналъул божилъиги тIубазабулаго



**Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов дандчIвана ХъахIабросулъа СВОялъул гIахьалчи Заур ХIасановгун. Гьудуллъиялъулаб дандчIваялда Заурица бицана рагъулал нухал нахъа тараб куцалъул.**

Украиналда рагъ ккарал тIоцересел къоязда нахъе контрактниклъунги вукIун, рагъул хIалуцарал точкабазда вукIана З. ХIасанов. Гьедин нахъа тана Мариуполалдаса Бахмуталде щвезегIан хIалуцарал рагъал.

Байбихьуда жиндирго рагъулаб хъулухъалда цадахъго тIубазабулаан рагъулалгун кванилал нахърател чIезабулеб автомашинаялъул водителасул хIалтIиги. Хадув ккана цIуниялъулаб батальоналъул командирлъун. Гьениб бихьизабураб лъикIаб хъулухъалъухъ ва бажариялъухъ балагьун, гьев тIамуна боеприпасал чIезарулеб батальоналъул отделениялъул командирлъун.

Бигьаяб иш гуро кисан щиб речIчIилебали лъарареб рохьалгун журарал авлахъазда командирлъун вукIин. КIицIулго лъукъана гьев хъулухъалъулаб заманалда. ТIоцебесеб лъукъа-къотIи ккана араб соналъул 4 апрелалда. Зарал ккун букIана гьодиеги. Вегана госпиталалда. КIиабилеб нухалда лъукъарав гьев хъамуна Москвалде, гьенив сах гьавуна кIиго моцIалъ. Гьенив вугеб мехалъги Заурица рехун течIо батальоналъулгун бухьен. Гьезухъе кIалъалаго кьерилазда лъазабулаан кватIичIого тIад вуссине вугин, нилъ бергьараб къо бачIине кколин.

Дагьабго тIадчIей гьабизин гIолиласул рагьда цебесеб гIумроялда. Росулъ школа лъугIун хадув гьев цIализе лъугьана МахIачхъалаялъул автодорожнияб колледжаялде. ЛъикIал къиматазда гьеб лъугIун хадуб цIализе лъугьана Москваялъул автодорожнияб институталде.

Спецоперациялда гIахьаллъизе бугеб пикру васас дандбайдал инсуца гьесда абуна: «Дуца тIаса бищараб нух тIубазабе мустахIикъаб куцалда»,-абун. Инсул малъиги ВатIаналъул божиги мустахIикъаб куцалда тIубазабулебги буго гIолилас.

**П-З. ХIАСАНОВА.**

Экстремизм-терроризм

## БахIарчиясул мисалалда куцаялъе



I7 октябралда Шамильхъалаялъул культураялъул рукъоб бихьизабуна театралъул къагIидаялъ хIадурараб «ХIалтIе вацал!»-, абураб спектакль. Гьеб сайгъат гьабун букIана Россиялъул бахIарчи МухIамад НурбахIандовасе.

КIудияб экраналда рихьизаруна гьитIинаб мехалдаса нахъе гьесул хъизаналъул суратал, гьенире гьоркьоре рачун рукIана бахIарчиясул школалъулал санал ва гьесул гIамал-хасият рагьулел ишал.

Спектаклялъухъ ралагьизе рачIараз занкIун цIун букIана зал. **(Ахир 4 гьумералда)**

Р. ХIамзатовас – I00 сон

# КIудияв поэтасул асараздасан

Гьал къоязда Шамильхъала поселокалъул лъималазул творчествалъул Рукъоб букIана Дагъистаналъул ва Россиялъул кIудияв поэт Р. ХIамзатовасул юбилеялъул соналда букIараб тадбир. Гьениб творчестваялъул Рукъалъул методист ГI. ХIамзатовалъ ва цIалдохъан гIахьаллъаразулгун лъай-хъвай гьабула тадбиралъул программаялъулгун, поэтасул асараздалъун бичIизабуна Р. ХIамзатовасул творчестваялъул лъилго гьечIеб гIадаб борхалъи ва щвалде щвей букIин. Гьениб цIалдохъабаз ахIана поэтасул кучIдул, сценнабазул артистазулаб хIаялдалъул цебе чIезабуна «МагIарулай» поэмаялдаса ва цогидалги асараздасан магIарулазул гIумро.

Басриял гIадатаз унго-унгояб гIумроялде нух биччаларей Асиятил ва рикIкIадаб гIумруе ракьалдаса магIарул лъималазе лъай кьезе ячIарай гIурус яс Вера Васильевналъул сипатал гъваридго рагьана цIалдохъабаз. Бажаригун бихьизабуна «Къункъриби» кечIалда ва бакъаналда гьоркь, гъваридаб магIнаялъул цере рахъин. Поэтасул кучIдул махщалида ахIана цIалдохъан М. ГIусмановалъ.



Творчествалъулаб Рукъалда цебе хIалтIулел руго литературияб художествалъулаб, кьурдул, музыкалияб ва пореографияллъул кружокал. Гьезул преялъ бихьизабуна гьорлъе рачарал лъималазул.

Къокъго абуни творчествалъулаб Рукъалъ цIалдохъабазул лъай борхизабиялдехун махщел гьунар цебетIезабиялда кIвар кьолеб бугоан.

Тадбиралдаса хадуб кIудияв поэтасул юбилеялъулаб саналъ гьарулел хIалтIабазул бицана Рукъалъул директор М-ГI. ГIабдурахIмановас, учительница Р. ХIамзатовалъ. Гьадинав кIудияв поэтасул мацI тIагIиналда хIинкъи букIиналъул бицана районалъул «Ахихъан» газеталъул редактор С. КъебедмухIамадовалъ ва райОНОялъул методист З. ХIусейновалъ.

Данделъи

## Лъай кьеялъул суалгун



I7 октябралда лъай кьейгун суал гьоркьоб лъураб данделъи тIобитIана нахъеги бетIерас. Гьениб гIахьаллъи гьабуна лъай кьеялъул хIалтIи тIаде кколев бетIерасул зам. Ж. Шамсудиновас, районалъул лъай кьеялъул отделалъул нач. М. МухIамадовасги.

Балагьиялде росун рукIана гьединго хал хадусел суалал: лъай кьеялъул учреждениязда хасалиде хIадурлъи гьаби, кванил бугеб хIалалда тIадчIей гьаби, хIалтIуде гIадамал росиялъул суал, налогал ракIари ва гь.ц.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 46 (7597)
Хамиз
19 октябрь 2023 сон

3 гьумер

# С а д о в о д

Страница в номере



# Ват1анияб рагъул байбихьи

( КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьараб къогун дандчIварай эбелалъул ракIалдещвеяздаса)

БакъттIерхьул гIорхъода, рекIаразул болъ
Рагъул хъулухъалда вукIана эмен.
ГьитIинав чи дунги, эбелгун цадахъ
РукIана эркенго инсуда аскIор.
Рекъел гьабунилан хабар букIана,
БукIинесеб рагъул бицунароан.
РачIунел рукIана чIегIерал накIкIал,
ГIорхъи бахун нилъер ракьалде тIаде.
Риидалил къоял, роцIараб сордо,
СихI-махI къотIун буго сверухълъиялда,
Метер хIалтIулареб гIодобкъо буго,
Гьуинаб макьида кьижараб дир халкъ.
Жегиги рогьинчIеб заман букIана,
Рагъухъан вачIана инсуда хадув,
Хехго штабалде ахIулев вугин,
ГIорхъода сас бугин тушманзабазул.
Эбелалъ инсуде калам гьабуна:
-Кидал тIад вуссинев хъизамалъухъе;
-Дуда ургъел чIваге,дун тIад вуссина,
Дида аскIой вачIун, тIаде къулана,



Бомбаби речIчIана рукъзабазда тIад.
Ниж рукIараб рукъги жаниб къайиги
ЦIа рекIун бухIана цо лахIзаталда.
Дунгун кIалагъоркье егана эбел,
АскIобго кьвагьана гьалагаб бомба.
Гьаргьадулеб бугин ккана дуниял.
Ракьул гъат батана нижеда тIад ккун.
ТIаде рорхулаго, рихьулел руго
Регахъе хутIарал хварал гIададамал.
Цогидал лъукъарал, бидулъ рецIцIулел,
Кумекги щвечIого, рухI босун унел.
ЧIварай гIолилалъул лъимер буго
Гьелъул карандехун хъурщун бачIунеб.
Цинги квачIалги ран, тIадеги къулун,
Нур сварал беразухъ балагьун чIараб,
Жиндир лъимер гьечIей чIужугIаданалъ,
Бесдаллъун хутIараб гьитIинаб рижи,
Хехго екерун ун, кодойги бачун,
Дир эбелгун цадахъ нухда яхъана.
Тушбабазде данде унел рукIана,
РекIаразул къокъа, лъелал аскарал,
Цо гохIда нахъасан гьваялдехун
Кьвагьдолеб букIана нилъер пулемет.
ЧIегIераб кIкIуялъул халатаб рачIгун
ГIодой бортун унеб буго самолет.
Цинги кватIичIого гъугъай бахъана,
Гьеб гIодоб речIчIараб рохьил рагIалда,
Немцаца маххул нух кьвагьизабуна.
Кирехун лъутилел, кисан лъутилел?
Рохь бугеб мухъалде бералги тIамун,
Хъупил къандалъоги къахIан къвалакь ккун,
ЙикIана цо гIадан нижеда цее.
Нахъеги бомбаби разе лъугьиндал,
Нижги гьей гIаданги регана гIодор
Гьей чIужугIаданалъ йихха-хочиялъ

Вачун кодовегун каранде къана.
Гьимун валагьана, велъун кIалъана,
Гьавугьинан восун бусада лъуна…
Цинги кватIичIого сордо рогьана,
Зоб-ракь гъугъадулеб гьаракь бахъана.
Гьабизе жо тIагIун гьалгъан хутIарай,
Хапун дунги вачун, къваридай эбел,
КъватIие яхъана, рукъги рехун тун.
Рагъуй байбихьараб балагьищ ккараб?
Ракълил къотIиялда къаламищ цIараб?
ТIогьол квацIи гIадаб гьайбатаб дунял,
Щиб камун букIараб дол фашистазе?
ТIад хъанчал расарал самолетазул
Гьужумалъ цIа лъуна дир ВатIаналда.
ТIурун бачIунеб халкъ, гIодулел лъимал,
ГIарададул гуллил тIаде балеб цIад.
Бомбабаца бухъун балеб буго ракь,
ГIодор кколел руго ракълил гIадамал.
Хандакъал рухъулел руго солдатал,
КIкIуйдулъ бетун буго тIолго сверухълъи.
ПештIелаго тIаде рехун рачIунел



ГIедегIун рокъоса тIурулеб мехалъ,
Кроваталдаса лъимерилан ккун,
Каранде къан босун букIун буго гьеб.

**(Ахир 4 гьумералда)**



# Дагестанцы стали победителями турниров фестиваля интеллектуальных игр в Ингушетии



Фестиваль интеллектуальных игр «Горы от ума – 2023» прошёл в Ингушетии на территории курорта Армхи с 14 по 15 октября. Дагестан на фестивале представили две команды – «Умный Пон» (Махачкала) и «Дороги ведут» (Хасавюрт), всего же в фестивале приняли участие 13 команд из 8 регионов России: Чечня, Дагестан, Ингушетия, Ставропольский край, Осетия, города Калуга, Астрахань и Краснодар. Два дня команды соревновались в турнирах «Что? Где? Когда?», «Брейн-ринг», «Своя игра» и «Хамса». По результатам турнира по «Брейн-рингу» победителем стала махачкалинская команда «Умный Пон», в финале обыгравшая в упорной борьбе команду «Понедельник» из города Ставрополь. Отдельно отметим рекорд, который поставил игрок команды Магомед Расулов, нажавший на кнопку за 0,036 секунды, что позволило «Умному Пону» дать правильный ответ на решающий вопрос финала и выиграть турнир. В зачете команд СКФО в турнире по «Брейн-рингу» команда «Умный Пон» также заняла первое место.

В турнире по «Своей игре» среди команд СКФО победителем стал Тимур Алискантиев, третье место у Яны Гайдаровой (оба – «Умный Пон», Махачкала).



Руководитель центра интеллектуального развития «Идальго» Руслан Рузанов прокомментировал результат дагестанской делегации: «В этом году не было ни одного фестиваля или турнира, где команды, представляющие республику, не попадали в призовые места. Это очень большой шаг вперед, который стал возможен благодаря огромному желанию наших земляков не только участвовать в викторинах для себя, но и соперничать на самом серьезном уровне», – отметил Рузанов, а также поблагодарил за поддержку Министерство по делам молодежи Дагестана и организаторов фестиваля в Ингушетии.

Следующим событием в сфере интеллектуальных игр станет этап чемпионата Дагестана по «Что? Где? Когда?», который пройдёт 28 октября в Махачкале.

# ВатIанияб рагъул байбихьи



Жиндихъ лъимер гьечIеб лъараб мехалда,
Гьелъ къандалъо ана хьуризе гьабун.
-Дир хирияв Вася, Вася Васенька!
РакI биххун гIасияб гьаракьги гьабун,
Лъавудасаги ун гIодой речIчIарай,
Берал рагьичIого, гьенийго хвана…
Бакъ-баккул рахъалда бугеб рокьоре
Рекерулел руго руччаби, лъимал.
Гьезда гьоркьор руго эбелги дунги,
АскIорго кьвагьулел руго бомбаби.
Рохьоб чIун бугоан танказул частьги,
Тушманасде данде ине къачIалеб.
ТIаде бачIунеб халкъ бихьараб мехалъ,
ГIолилав камандир данде вачIана.
ХIинкъи гьечIеб гIадаб бакIги балагьун,
Берцинго гIадамал данде гьаруна.
Кумек гьабун кьуна автомашина,
Иргадал рехана ниж вокзалалде.
ГъотIол гIаркьалабаз рахчизе гьарун,
Раччун щвезаруна ниж машинаялъ,
Поездал рачIунеб, нухде валагьун,
Львовалъул вокзал бугеб мухъалде.
*** *** ***
ТIарамагъадаги моцIги къватIиб бан,
ГIемераб гIакъуба нухдаги бихьун,
Дун кодовги ваччун, ургьиб лъимергун,
Щун йиго дир эбел Дагъистаналде…
*** *** ***
Рагъул тIоцебесеб кьогун дандчIварай,
Дир эбел йихьизе щвана гIагарлъи,
Хунздерил жамагIат, бихьинал-цIуял
Гьелъул квер босизе, рокьой рачIана.

**ТIалхIат Ахъбердиев,**
**Россиялъул ва Дагъистаналъул**
**журналистазул союзалъул член**

Экстремизм-терроризм

# БахIарчиясул мисалалда куцаялъе



Гьел гIенеккун рукIана хIухьел ккун, лъарагIазул театралъ кутакаб махщалида гIумроялде бахъинабун бугоан бахIарчиясул гIумроялдаса эпизодал рихьизари.

Гьенибго «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул цIаралдасан спектакль лъугIидал кIалъана культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев ва «Лъай кьеялъул отдел» МКУялъул нач. М. МухIамадов. Гьез баркала загьир гьабула лъарагIазул театралъул коллективалъе тIадегIанаб хIаялъухъ. Гьезие кьуна Баркалаялъул кахтал ва ансадерил ишан чIван хIадурарал гьайбатал тIагIелаздалъун сайгъатал.

Аслияб къагIидаялъ тадбиралъул мурад букIана гIолилазда гьоркьоб экстремизмалде ва терроризмалде данде чIараб бичIчIи кьей гьаби.

## «Ахихъаналъе» подписка гьабизин

2023 соналъул сентябрь моцIалдаса нахъе киса-кибего г1адин нилъер районазда гьоркьосеб почтамталдаги унеб буго тIаде щолеб бугеб 2024 соналъе периодическияб печаталъе подписка гьаби. Гьеб гьабула бащдаб ва тIубараб лъагIалиего.

Гьелдаго цадахъ подписка гьаби унеб буго районалъул «Ахихъан» газеталъеги. ГIадамазе почтамталдасан бащдаб лъагIалие подписка гьабула 568,38 гъурущалде. ЛъагIалиего подписка гьабула 1136,76 гъур. Подписка гьабизе бегьула редакциялдасанги.

## Лъазаби

Унсоколо районалъул Шамильхъалаялъул гьоркьохъеб школалъ гIаммаб гьоркьохъеб лъай щвеялъул рахъалъ 20II соналъул 29 июналда МухIамадова Марьям МухIамадовналъул цIаралда кьураб 05 АБ 0040646 номералъул Аттестат тIагIун буго.

Жакъа къоялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

Динияб темаялда

# КЪЕЦАЛ ТIОРИТIАНА



Балахьуни росдал гьоркьохъеб г1аммаб лъай кьеялъул школалда, Рабби-г1уль-аваль моц1алъул х1урматалда Мух1аммад аварагасул (с.т.г1.в) г1умро гъваридго лъазабиялъул мурадалда т1орит1арал къецазда г1ахьаллъи гьабуна нусгоялдаса ц1ик1к1арав ц1алдохъанас ( 5-11 классал).

Къецалъул т1оцебесеб бут1аялда лъималазда гьоркьоб гьабуна гьикъа-бакъи (тестирование). Лъабкъоялда анц1ила щуго процենталъ рит1арал жавабал кьурав щуго ц1алдохъанасе, заманги ц1ан, т1адкъай кьуна аварагасул (с.т.г1.в.) т1абиг1ат-г1амалалда ва хьвада-ч1вадиялда хурхун жидедаго лъалебщинаб кагътида хъвазе ва бищунго лъик1ал жавабал кьурав лъабгоясда гьоркьоб гьабуна «Умники и умницы» х1ай. Жюриялъ бергьарайлъун рик1к1ана 8 классалъул ц1алдохъан Мух1амадова Загьраъ ва школалъул дирекциялъул рахъалдасан гьелъие кьуна щуазарго гъурущ г1арцулаб сайгъат.

Къецалъул байбихьуда Аллагьасул (с.т.г1.в.) 99 хириял ц1арал рек1ехъе рик1к1ана 7 сон барав Якъубов Г1умарасх1абица ва 10 сон барав Мух1амадов Мух1амадица, гьезиеги кьуна г1арцулал сайгъатал.

Муг1алимзабазул рахъалдасан къецал т1орит1иялъулъ х1аракатаб г1ахьаллъи гьабуна Пат1имат Мух1амадовалъ, Мух1амад Х1ажиевас, Муслим Мух1амадовас ва цогидазги. Тадбир г1ахьаллъаразе ва балагьаразе пайдаяб куцалда ана.

# Баркала кьезе бокьун буго




Нилъеда жакъа г1емер абулеб раг1ула: медицинаялъул х1алт1ухъабаз ришват кьеч1они, унтаразул т1алаб гьабуларилан. Амма кидаго гуро гьедин бук1унеб. Гьаб соналъул сентябралъул ахиралда инфактги ккун Мах1ачхъалаялъул больницаялда операция гьабизе ккана дие. Гьедин бокьун буго, кват1ун бугониги, газета гьоркьоб ккун, рак1-рак1алъулаб баркала загьир гьабизе 23 сентябралъ дежурствоялда рук1арал Унсоколо райбольницаялъул «Хехаб кумекалъул» хъулухъалъул х1алт1ухъабазе ва шоферасеги. Дун г1агарлъиялъул машинаялда рек1ун Шамилхъалаялде щвелалдего нижехъ балагьун ч1ун батана «Хехаб кумекалъул» машина. Г1едег1ич1ого, ц1акъ берцинго машинаги бачун гьез дун щвезавуна Мах1ачхъалаялъул больницаялде ва гьенив дун парахат гьавич1ого т1адруссунги инч1о. Гьезул ц1арал ц1ехон бажарич1о, дун г1адин Аллагьги разилъаги гьездаса!

**Адабгун: Балахьуниса Жалалудинил вас ХIажимурад**


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 19. 10.2023 г. 15. 55
фактически -16. 30 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1002 экз.